



KIYÈS KI ELÈV YO KI AP APRANN PLIZYÈ LANG NAN LEKÒL DELAWARE YO?

Elèv ki ap Aprann Plizyè Lang yo (Multilingual Learners, MLL yo) se yon gwoup elèv ki divès, ki reprezante anpil lang, kilti, etnisite, nasyonalite, ki gen diferan orijin sosyal, ekonomik ak edikatif.

Elèv MLL yo se yon gwoup ki dinamik epi yo se yon popilasyon elèv ki ap grandi nan Delaware. Elèv yo ap anrichi salklas yo ak divèsite kilti ak lang. Elèv sa yo pote pèspektiv ki enpòtan ak konpetans ki amelyore anviwònman pou tout moun ka aprann. Pandan lekòl yo ap adapte ak toute kondisyon ki ap chanje yo, li enpòtan pou asire ke elèv MLL yo jwenn sipò ak pwoteksyon total pandan tout ap jwen edikasyon yo. Li enpòtan pou nou rekonèt fòs yo epi adrese bezwen yo pou nou ka kreye lekòl ki gen anviwònman ki bay tout elèv yo valè ak ki gen siksè nan eta Delaware.

18,773 elèv MLL nan eta a

28%

Revni Fèb

41%

Elèv ki ap Aprann Plizyè Lang pou anpil tan

(13% nan popilasyon total elèv yo se MLL)

18%

Edikasyon espesyal pou elèv ki bezwen plis sipò pou yo ka aprann

Pousantaj (%) Kantite MLL Total nan Chak Nivo Klas Lekòl*

54%

Primè (K-5)

20%

Premye Segondè (6-8)

25%

Dezyèm Segondè (9-12)

*Nou awondi valè yo a nonb antye ki pi pwòch la donk yo gendwa pa bay yon total 100%

Lang yo Pale Lakay

MLL Delaware yo pale 100 lang natif-natal*

Gen plis pase 95 lang ke elèv yo pale, elèv sa yo reprezante mwens pase 1 pousan nan elèv MLL yo.

Kreyòl ayisyen 4%

Arab 2%

Chinwa 2%

73%
Panyòl

19%
Lòt

Kreyòl 2%

MLL

Elèv k ap aprann nan plizyè lang

EL

Elèv k ap aprann anglè

ELL

Elèv k ap aprann lang anglè

LEP

Manke konpetans nan anglè

ESL

Anglè kòm dezyèm lang

Gen anpil ekspresyon parèy ki sèvi pou dekri ofisyèlman gwoup elèv sa a.
Règleman sou edikasyon Delaware yo di:

“Moun ki, pami lòt bagay, gen difikilte nan pale, nan li, nan ekri, oswa nan konprann lang anglè a, ki kont pou moun nan pa kapab atenn bi edikatif nivo siperyè eta a tabli yo, jan sa defini dapre pwosedi nòmalize yo nan Delaware, pou antre ak soti nan pwogram nan.”

Elèv K ap Aprann Plizyè Lang yo se yon popilasyon elèv k ap ogmante pi vit la. Yo enskri nan tout distrik ak nan tout lekòl endepandan ki genyen nan eta a.

↑ 39%

Ogmantasyon
depi 2016

Konte New Castle

- 7,942 enskri

Konte Kent

- Pousantaj ki pi wo a nan tout konte yo
- 2,931 enskri

Konte Sussex

- Pi gwo ogmantasyon chif la nan tout konte yo
- 6,105 enskri nan konte a

↑ 175%

Ogmantasyon
depi 2016

↑ 110%

Ogmantasyon
depi 2016

Yon
ogmantasyon
53%
depi 2016

Eta Delaware

Apati de 2023 jiska 2024
popilasyon MLL la te gen yon
ogmantasyon apeprè 9%

Chwa Lekòl Piblik:

MLL ki chwazi ale nan yon lekòl endepandan
oswa nan yon lekòl pwofesyonèl-teknik

Te gen apeprè **10% nan MLL yo ki t ale nan lekòl endepandan** pandan ane lekòl 2023-2024 la konpare avèk **13% tout elèv yo**

Pandan ane lekòl 2023-24 la, **La Academia Antonia Alonso (498 elèv MLL)** ak **Las Américas ASPIRA Academy (508 elèv MLL)** te gen plis MLL pami tout lekòl endepandan yo. Toude lekòl yo te ogmante popilasyon MLL yo konpare avèk ane lekòl anvan an (2022-23)

Gen apeprè **2% nan elèv MLL ki nan dezyèm sik lekòl segondè** ki t ale nan yon lekòl dezyèm sik segondè pwofesyonèl-teknik pandan ane 2023-2024 la konpare avèk **5% tout elèv ki nan dezyèm sik segondè yo**

Ou jwenn konpreyansyon nan mitan kilti ak pèp... Lekòl Delaware nou yo pi rich paske popilasyon MLL nou gen privilèj pou sèvi.

- Yon Paran Delaware

Detèminasyon ak adaptabilite [MLL yo] demontre yon rezolasyon pwoblèm kreyatif ak kolaboratif—Detèminasyon ak adaptabilite [MLL yo]—ki demontre kapasite pou rezoud pwoblèm an kolaborasyon—ede montre yon apwòch ki konpreyansyon aprantisaj, ki benefisye tout kominote lekòl la.

- Yon Pwofesè Delaware

Lè m ap anseye elèv ki soti nan plizyè peyi, sa ajoute plis lajwa nan klas nou yo paske elèv yo gen diferan pèspektiv pou yo pataje.

- Yon Anseyan Delaware



EDIKASYON ELÈV KI AP APRANN PLIZYÈ LANG YO

Nan Delaware, tout distrik yo ak tout lekòl endepandan yo oblije chwazi yon **pwogram pou elèv k ap aprann nan plizyè lang**, epi apre sa aplike pwogram nan avèk resous ak pèsònèl, epi evalye ak revize pwogram nan regilyèman **pou garanti elèv yo fè pwogrè**.

Pwogram MLL yo dwe gen enstriksyon lang chak jou oswa chak semèn.

Depi piblikasyon premye fèy enfòmasyon an nan ane 2018, rapò ki soti nan men eta a sou ki kalite enstriksyon MLL yo ap resevwa, ap vin pi bon toute ane.

Sepandan, **pwogram ki pi komen yo kontinye chwazi se sa yo ki gen mwens sipò pou MLL yo.**



Ki dwa MLL yo genyen?

Men kèk kondisyon nan lwa federal ki enpòtan:

- (1) Lekòl yo dwe aksepte epi **edike tout elèv**, imigran ak moun ki fèt nan peyi a.
- (2) Elèv MLL yo dwe **aprann angle ansanm ak kontni akademik ki nan nivo klas yo**.
- (3) Elèv MLL ki bezwen anpil sipò pou aprann yo dwe resevwa asistans lang ak sèvis ki gen rapò ak elèv ki bezwen anpil sipò pou aprann yo.

Men kèk modèl pwogram MLL komen nan Delaware:

9.81%

Pa Gen Pwogram

Elèv ki pa resevwa ni sipò ni ansèyman ki fèt espesyalman pou MLL. Ansèyman an menm jan ak nan salklas regilye a.

6.64%

Bileng

Pwogram sa a, ki yo rele edikasyon bileng ki soti bone tou, itilize lang prensipal yon elèv nan enstriksyon li. Pwogram nan kenbe ak devlope konpetans nan lang ak kilti prensipal la, epi anmenmtan entwodui, kenbe, ak devlope konpetans nan anglè.

47.04%

Nan Klas la/Deyò Klas la

Nan apwòch **nan klas la**, pwofesè ESL yo travay avèk MLL yo nan salklas nòmal yo, ap ede yo avèk materyèl avèk lang lan. Nan apwòch **deyò klas la**, pwofesè ESL yo travay avèk elèv sa yo nan salklas apa, pou yon peryòd chak jou oswa pou plis tan.

13.25%

Klas Devlopman pou Lang Angle

Yon pwogram ki gen teknik, metodoloji ak materyèl espesyal ki fèt pou anseye elèv MLL yo konpetans nan anglè, ki ka gen ladan l konpetans ap koute, ap pale, ap li, ap ekri, konpetans etid, vokabilè kontni, ak oryantasyon kiltirèl.

2.73%

Lèt

- **SWD:** Elèv ki bezwen anpil sipò pou aprann. MLL k ap resevwa sèvis SWD yo gen doub idantifikasyon epi y ap resevwa aranjman pou adrese pwoblèm aprantisaj ak akizisyon lang.
- **Nouvo Arivan:** Pwogram pou nouvo arive yo se yon entèvansyon edikatif apa, relativman endepandan, ki fèt pou satisfè bezwen akademik ak tranzisyonèl imigran ki fèk rive yo.

8.36%

Enstriksyon Anglè Proteje Elèv Yo

Yon apwòch enstriksyonèl ki sèvi pou fè elèv MLL yo kapab konprann ansèyman lekòl a nan lang anglè. Nan salklas proteje a, pwofesè yo itilize aktivite fizik, èd vizyèl, ak anviwònman an pou anseye mo vokabilè pou devlopman konsèp nan matematik, syans, syans sosyal, ak lòt matyè.

9.64%

Kou Entansif nan De (2) Lang

Objektif pwogram bileng sa, ki yo rele tou de (2) lang oswa devlopman lengwistik, se pou elèv yo devlope konpetan nan de (2) lang, lè yo resevwa ansèyman an anglè ak nan yon lòt lang nan yon salklas la ki konpoze de mwaye moun ki pale anglè natif natal ak mwaye moun ki pale lòt lang.

Finansman MLL pou Ane Lekòl 2024-2025 la - Kantite Lajan nan Dola

Finansman Opòtinite Delaware (fon adisyonèl pou sipòte elèv yo) se sèlman 4% nan finansman total pou edikasyon an (li pa konparab avèk ajisteman an pousantaj lòt eta yo itilize).



Delaware

Kantite Opòtinite Finansman pou Chans Egale a
\$1,083
Ajisteman Efektif 4%



New Jersey

6 fwa kantite lajan Delaware a
\$6,270
Ajisteman 50%



Maryland

8 fwa kantite lajan Delaware a
\$8,944
Ajisteman 102%



Pennsylvania

Pa Gen Baz Konstan
—
Ajisteman 60%

MD, PA ak NJ yo tout rezève yon kantite lajan pou chak elèv, epi yo ajoute yon pousantaj anplis nan lajan sa a pou fòme yon eleman nan yon plan finans lekòl ki bay plis lajan pou lekòl oswa elèv ki gen bezwen espesifik. Delaware pa gen ase lajan pou chak elèv, donk nou ajiste eleman nan plan finans lekòl nan lòt eta yo pou nou ka fè konparezon an posib.



MLL YO MANKE RESOUS ANPIL, FINANSMAN KI REZÈVE POU YO A TOU PITI EPI YO TOUJOU MANKE PWOFESE.

Pou Elèv k ap Aprann Plizyè Lang yo, gen gwo diferans nan pwogrè lekòl, mank amelyorasyon nan konpetans nan anglè, ak lekòl ki manke resous anpil, tout sa se pwoblèm sistèmik ki anrasinen fon epi ki bezwen atansyon ijan.

Kanè: MLL yo nan Sistèm Edikasyon Delaware la

Matyè Eskolè			
Kategori:	Deskripsyon	Elèv k ap Aprann nan Plizyè Lang	Moun ki pale natif natal angle
Smarter Balanced nan klas 3yèm ane (2024)	Pousantaj elèv ki konpetan nan lekti ak matematik nan klas twazyèm ane	Lekti: 21% Matematik: 28%	Lekti: 42% Matematik: 46%
Smarter Balanced nan klas 8yèm ane (2024)	Pousantaj elèv ki konpetan nan lekti ak matematik nan klas uityèm ane	Lekti: 10% Matematik: 5%	Lekti: 42% Matematik: 26%
Preparasyon pou Inivèsite ak Karyè			
Kategori:	Deskripsyon	Elèv k ap Aprann nan Plizyè Lang	Moun ki pale natif natal angle
SAT (2024)	Pousantaj elèv dezyèm segondè ki konpetan nan lekti, redaksyon, ak matematik	Lekti ak Redaksyon: 3% Matematik: 2%	Lekti ak Redaksyon: 48% Matematik: 19%
Kategori:	Deskripsyon	Elèv k ap Aprann nan Plizyè Lang	Tout Elèv yo
Pousantaj gradyasyon (2024)	Pousantaj elèv ki gradye dezyèm segondè nan kat ane	79%	89%
Kou ratrapaj nan inivèsite (Klas 2024)	Pousantaj elèv ki enskri nan inivèsite ki gendwa pa kapab pran kou ki gen kredi toutotan yo pa fini avèk kou ratrapaj	60%	37%
Konpetans nan Lang Anglè			
Kategori:	Deskripsyon	Elèv k ap Aprann nan Plizyè Lang	
Amelyorasyon konpetans nan lang anglè (Klas 2024)	Elèv ki reyalize objektif endividyèl ki fikse baze sou konpetans yo nan kòmansman ak nivo klas yo	35%	
	Kantite pwogrè ki fèt nan reyalize objektif endividyèl elèv la	Mwayèn: 63%	

Gid pou Etid: Pwofesè ki Sètifye nan ESL nan Delaware

Delaware egzije pou tout pwofesè ki metye nan matematik, istwa, syans, ak syans sosyal tout gen sètifikasyon yo nan disiplin yo. Eta a egzije tou pou pwofesè k ap anseye MLL sèlman, gen yon sètifika ki espesyalman pou MLL. Men, done federal, done eta, ak obsèvasyon lokal ki disponib yo endike, an reyalyte, gen anpil MLL ki pa gen aksè avèk pwofesè ki sètifye:

Sòm total Pwofesè ki gen Sètifikasyon ESL yo: 237

Sòm total Pwofesè ki gen Sètifikasyon Bileng yo: 52

- Se sèlman 34 lekòl sou 227 ki gen pwofesè ki gen sètifikasyon ESL oswa Bileng
- 40% MLL yo gen posiblite jwenn Pwofesè ki gen Sètifikasyon ESL/Bileng nan lekòl yo (sa ki vle di gen omwen yon pwofesè nan lekòl yo, san konsidere si wi ou non elèv MLL la nan klas la avèk li)
- Nan lekòl kote gen pwofesè sètifye yo, rapò global kantite Pwofesè Sètifye pou chak elèv MLL la se apeprè 1:25
- Nan tout lekòl Delaware yo, rapò mwayen kantite Pwofesè Sètifye pou chak Elèv MLL la nan chak lekòl endividyèl se apeprè 1:37

Ale sou RodelDE.org pou jwenn plis enfòmasyon sou MLL yo nan Delaware, sa gen ladan l ansyen fèy enfòmasyon ak sous yo pou fèy enfòmasyon sa a.
Ou vle aprann plis sou sistèm finansman lekòl inekitab Delaware la?
Ale sou www.DelawareSchoolFunding101.com.

